shárti menen onıń xalıqlıq poziciyasın bekkemleytuǵının dálilleydi. Biraq sazende ushın bul barlıǵı júdá qıyın. Professional muzıkant ushın muzıka saz ásbabınıń kórkemlik hám texnikalıq imkaniyatları áhmiyetli. Búgin biz texnologiyalıq hám muzıkalıq jaqtan pútkil bayan saz ásbabı degen juwmaqqa kelemiz. Garmonika belgili bir basqıshta óz túrin jetilistiriwde toqtadı. Folklor garmoniyası konstruktivlik jaqtan jetilisiw perspektivalarına iye emes. Orelda garmonika registrler menen hám saylap qoyılatuǵın garmonikalar menen qollanılatuǵın boldı. «Ne ushın?» dep soraydı. Tek házil ushın ǵana. Instrumental konstrukciyalardı jetilistiriwge bunday urınıslar tariyxta bolǵan. Mısalı, gudok, svirel, jaleykalardı jetilistiriw. Gúdirekten jaman skripka payda boladı, shaqmaqtan bolsa goboy payda boladı. «Bayanǵa tańlap alınǵan klaviatura ne ushın kerek? Xalıq muzıkasın shertiń». Bayan - usınday saz ásbabı, onda orkestrden, royaldan (kóp dawıslı), demli saz ásbablardan (sebebi dawıstı kóteriwi múmkin) hám hátteki vokal sesleri de bar. Hárbir xalıqtıń xabarı bar, usınday erkin, registr keńligi, jetilisken seslerdi esitemiz hám jáhán mádeniyatında bayan hám akkordeon saz ásbabı júdá áhmiyetli esaplanadı.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**


1. Мақсимов Е. И. Гармоника в културно-просветителской работе как важное средство воспитания трудящихся (на материале де деятелности учреждений культуры в 1920-х годах): дис.... канд. пед. наук. - М., 1972.
2. Варламов Д. И. Метаморфози народного музыкального инструментария: Монография. - М.: Композитор, 2009.



**REZYUME.** Maqalada bayan hám akkordeon funkciyasınıń kóp túrli tárepleri: konstruktivlik ózgeshelikleri, kórkemlik imkaniyatları, sociallıq roli kórip shıǵıladı. Avtor garmonika túrindegi klavish-pnevmatikalıq ásbabplarınıń mazmun-mánisi haqqında erkin pikir júrgizedi.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассматриваются многообразные аспекты функционирования баяна и аккордеона: конструктивные особенности, художественные возможности, социальная роль. Автор в свободной форме размышляет о сущности клавишно-пневматических инструментов типа гармоник.

**SUMMARY.** The article discusses various aspects of Bayan and accordion: design features, artistic opportunities, social role. The author of free-form thinking about the nature keyboards-pneumatic tools like harmonics.


## QARAQALPAQ XALÍQ QOSÍQLARÍNÍŃ QÁLIPLESIWI


**Askarova Ziywar Kóshkinbaevna -** *úlken oqıtıwshı*
*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*



**Tayanch so‘zlar:** san’at, musiqa, xalq ashulalari, milliy qo‘shiqlar.
**Ключевые слова:** культура, музыка, народные песни, национальные песни.
**Key words:** national art, music, folk songs, national songs.


Xalıq óziniń basınan ótkergen hár qıylı tariyxıy waqıyalarǵa bay turmısın, ruwxıy kewil keshirmelerin hám psixologiyasın qosıqlar arqalı sáwlelendirgen. Qosıq hám saz arqalı insan quwanıshın, shadlıǵın, qayǵısın, arzıw-ármanların, ishki sezimlerin, debdiwlerin shıǵara alǵan. Qosıq adamdı sıyqırlap alatuǵın kúshke iye ekenligi hámmege belgili. Sonlıqtan da, sóz benen jetkere almaǵan názik oyların saz arqalı jetkergen.

Ózbekstan Respublikası Prezidenti Sh.Mirziyoyevtiń 2018-jıl 14-avgusttaǵı 3907-sanlı Qararında [1] oqıwshı – jaslardıń bos waqıtın mazmunlı shólkemlestiriw, orınlarda túrli dóretiwshilik hám bilimlendiriw dógerekleri iskerligin jaqsılaw, ǵalaba xabar quralları, kino, teatr hám muzıka kórkem ónerinde jaslar ortasında xalqımız ruwxıylıǵın, milliy ǵárezsizlik ideyasın en jaydırıw, búgingi reformalardıń mánisin túsindiriwge qaratılǵan sistemalı islerdi shólkemlestiriw máseleleriniń ayrıqsha tastıyıqlanǵanlıǵı biykarǵa emes. Bul máselelerge toqtalmastan aldın, qaraqalpaq xalıq qosıqlarınıń payda bolıwı hám de házirgi kúnge shekem qalayınsha jetip kelgenligi boyınsha azǵana tariyxıy, ilmiy hám teoriyalıq maǵlıwmatlar keltirip ótemiz. Milliy qosıqlar xalıqtıń turmıs tirishiligi menen birgelikte tıǵız baylanısıp rawajlanıp kelgen. Olar hár qıylı toy-tamashalarda, geshteklerde atqarılǵan. Bir awılǵa jıraw, baqsı, qıssaxanlar kelse alıs - jaqın awıllardan adam

qalmay qurǵa jıynalǵan. Jıynalǵan jámáát milliy dóretpelerimiz bolǵan dástanlarımızdı, milliy qosıqlar menen namalarımızdı uyıp otırıp tıńlaytuǵın bolǵan. Mine usınday mádeniy dem alıslar sol waqıttaǵı xalıq turmısında úlken tárbiya mektebi bolıw menen birge, olarǵa ruwxıy baylıq inám etken. Xalıq dóretpeleriniń hámmesi awızeki túrde áwladtan-áwladqa, atadan-balaǵa, alıs-alıs awıllardan izlep kelip ustaz-shákirt túsiw jolı menen biziń zamanımızǵa shekem jetip kelgen.

Qaraqalpaq xalıq qosıqların janrlıq jaqtan bóliwdi aldı menen xalıq muzıkasınıń atqarıwshılarınıń, baqsı, jıraw, sazende, qıssaxan, qosıqshı t.b. bolıp bóliniwlerine qaray onı xalıq qosıqları hám qaraqalpaq xalıq kompozitorlarınıń dóretpeleri dep eki úlken toparǵa bóliw zárúrligin izertlew jumısları dálilleydi. Xalıq qosıqlarınıń: miynet, tariyxıy, Watan, salt-dástúr (besik jırı, háwjar, yaramazan, joqlaw, sıńsıw), muhabbat qosıqları, qızlar qosıqları, dinge baylanıslı qosıqlar t.b. birqansha túrleri ushırasadı. Olar keń xalıq massasınıń atqarıwına ılayıq bolıp, atqarıwshıdan awızeki professional muzıkası sıyaqlı ayrıqsha qánigelikti talap etpeydi. Xalıq qosıqların qosıq aytıwǵa uqıbı bar qálegen adam atqara beriwi múmkin. Xalıq qosıqlarınıń teksti de, naması da qıynaǵan turmıstan dóregen jámááttiń miyneti, onı dóretiwshi de, atqarıwshı da xalıq. Qaraqalpaq xalıq muzıkasın usılayınsha eki toparǵa bóliw bir jaǵınan sol muzıkalıq materialdıń óziniń specifikalıq ózgesheligine baylanıslı anıqlansa, ekinshi tárepten atqarıwshılardıń bóliniwine qaray anıqlanıladı. V.Shafrannikov «Каракалпакские народние песни» toplamında xalıq namaların lirikalıq, epikalıq, tariyxıy, sociallıq qarsılıq kórsetiw, oyın-kúlki hám sazlar dep birneshe toparlarǵa bólgen. [2] Bul toplamda izertlewshi qaraqalpaq namalarınıń kóp qırlı bolǵanlıǵı, onıń koloritiniń ráń-báreńligi hám de hárqıylı xarakterge bay bolǵanlıǵın esapqa alıp, qosıq qatarlarına qaraǵanda namalarǵa kóbirek itibar berip, onı ózi islep shıqqan sistemaǵa tuwrı jaylastırıwǵa háreket etken.

Qaraqalpaq muzıka kórkem óneriniń qáliplesiw tariyxında qıssaxanlar da óz ornına iye. Qıssaxan óz naması hám atqarıwshılıq jolları menen kózge túsetuǵın ózgeshe óner iyesi. Ózleriniń sheber atqarıwshılıǵı menen el arasında tereń húrmetke iye bolǵan bir qatar qıssaxanlardıń ótkenligi málim. Qıssaxanlar baqsı-jırawlar bolmaǵan waqıtları, olardıń ornın bildirmey xalıqqa tamasha bergen. Olar óz qosıqlarınıń namasın jeke ózi atqaradı. Qıssaxanlardıń repertuarlarına tiykarınan klassik shayırlardıń, dástanlardan úzindiler hám xalıq qosıqları kiredi. Olar tiykarınan, el arasında keńnen málim bolǵan bir namaǵa yaǵnıy qıssaxan namasına salıp atqaradı. Ol namalardıń aytarlıqtay ózgeshelikke iye bolǵan 2-3 túri ushırasadı. Bul tekstte hárbir qıssaxannıń atqarıwshılıǵındaǵı individuallıq ózgesheliginen kelip shıqqan bolıwı múmkin. Dástúrli qıssaxanlardıń wákillerine shayır Abbaz Dabılov, Sadıq Nurımbetov, Xalila Dáwletnazarov hám Ram shayırlardı keltiriwge boladı. Folklorist alım E.V.Chistovtıń muzıka hám dástúrlerdiń folklorlıq dóretpelerge qatnası haqqındaǵı tómendegi pikiri dıqqatqa ılayıq. Ilimpaz dástúr, drama, muzıka hám xoreografiyanıń folklorlıq dóretpelerdin qosımsha komponentleri ekenligi haqqında aytadı. [3] Bul elementlerdiń hámmesi belgili bir folklorlıq janr átirapında birigedi dep esaplaydı hám bul júdá orınlı. 70-90-jılları alımlar arasında xalıqlıq folklordı izertlewde etnografiya, muzıkatanıw, folkloristika ilimleriniń xalıq awızeki ádebiyatına qatnası maselesinde kóp ǵana ilimiy miynetler dórelgen edi. Sebebi, folklorlıq dóretpeler bul tarawlardıń da izertlew obyekti bolıp esaplanadı. Biz bul obyektlerdi xalıqlıq lirikanı janrlıq jaqtan klassifikaciyalawda bir-biri menen aljastır-mawımız zárúr. Folklorlıq dóretpelerdi úyreniw etnografiya, tariyx, muzıkatanıw ilimleriniń obyekti bolıw menen birge ulıwma filologiya pániniń de obyekti esaplanadı.

Xalıq qosıqlarınıń dóretiliwi, jasawı, improvizaciya hám tradiciyası, poetikası onıń atqarıwshıları menen alıp júriwshileri, onı dóretiwshiler menen xalıq arasında jasaw jaǵdayı revolyuciyaǵa shekemgi dáwirde, yaki bunnan sońǵı tariyxıy, hárbir dáwirde sol tariyxıy dáwirdiń jaǵdayına qarap ózinshe jol menen jasaydı, bayıydı, rawajlanadı. XX ásirge shekemgi xalıq qosıqların izertlegen miynetlerde kórsetilgen janrlar jıllar ishinde kem rawajlanadı, yaki bolmasa rawajlanbay qaladı. Mısalı, diniy dástúrlerdi úyretiwshi folklor keńes húkimeti jılları rawajlanbay qaldı. Keńes húkimeti jılları ishinde baspa sózdiń, radio, televideniye, kitap shıǵarıw sanaatınıń rawajlanıwı menen xalıq dóretiwshiligi awızeki taralıwdan góre kitap arqalı, radio arqalı taralıw jaǵdayına ótti. Buǵan qosımsha xalıq teatrları, mádeniy úyler, xalıq talantlarınıń festivallar, hár túrli jarıslar, konkurslar xalıq qosıqlarınıń rawajlanıwına jaǵday tuwdırdı, biraq onıń taralıw, dóreliw, jasaw jaǵdayı ózgerdi.

Al, ǵárezsizlik dáwirinde bul baǵdarǵa ayrıqsha itibar qaratılıp, milliy miyraslar qayta tiklendi. Mámleketimiz basshısınıń qararları nátiyjesinde qaraqalpaq xalıq muzıkası tiykarında oqıwshı-jaslardıń ruwxıy-estetikalıq pazıyletlerin

qáliplestiriw, qaraqalpaq eski kórkem óneri hám de jáhán ádebiyatınıń ullı kórkem úlgileri arqalı joqarı ruwxılıqlı, belsendi hám patriot jaslardı tárbiyalaw, olardı milliy hám ulıwma insanıylıq qádiriyatlarǵa sadıqlıq, milletleraralıq tatıwlıq ruwxında tárbiyalawına da tiyisli ádewir jumıslar alıp barıldı. Mámleketimizde ósip kiyatırǵan jaslardıń milliy hám jáhán muzıka mádeniyatı úlgilerinen keń paydalanıwı ushın zárúr shárt-shárayatlar jaratıw hám sol tiykarda muzıkalıq tálimdi jáne de rawajlandırıw, buǵan baylanıslı kadrlar tayarlaw sistemasın jetilistiriw boyınsha ámelge asırılatuǵın wazıypalar kórsetip berildi. Jaslardıń muzıkalıq uqıbı hám mádeniyatın kóteriw maqsetinde mámleketimizdiń hárbir qala hám rayonındaǵı muzıka hám kórkem óner mekteplerinde «Ustaz-shákirt» múnásibetlerin jáne de jetilistiriw, xalqımızdıń ruwxıy mádeniyatın rawajlandırıw, milliy muzıka kórkem óneri jetiskenliklerin úyreniw boyınsha úlken múmkinshilikler jaratılǵan. Bul bolsa óz náwbetinde qaraqalpaq muzıka kórkem óneriniń bunnan bılay da rawajlanıwına tiykar boları sózsiz.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**


1. Ўзбекистон Республикаси Президентининг «Ёшларни маънавий ахлоқий ва жисмоний баркамол этиб тарбиялаш, ўларга таълим-тарбия бериш тизимини сифат жиҳатидан янги босқичга кўтариш чора-тадбирлари тўғрисида»ги 2018 йил 14 августдаги 3907-сон Қарори. www.lex.uz.
2. Шафранников В. «Каракалпакские народные песни». Москва; Музгиз, 1959.
3. Чистов К.В Народные традиции и фольклор. - Л.: 1986.



**REZYUME.** Qoraqalpoq xalq ashulalarining kelib chiqishi va  tarixiy manbalari o‘rganiladi. Tariyxıy, ilmiy va nazariy manbalar keltirib o‘tamiz. Qoraqalpoq jirovlari ijro etgan dostonlar variantlarini qiyoslash yo‘li bilan o‘rganiladi.

**РЕЗЮМЕ.** Изучаются просхождение и исторические источники каракалпакских песень. Они изучается путем сравнения исторических, научно теоретичесих навыков.

**SUMMARY.** The origin and historical sources of the Karakalpak folk epic «Koblan» are studied. The Karakalpak jirovs are studied bu comparing the variants of the epics performed.


# ЎЗБЕКИСТОН ХУДУДИДАГИ ҚЎШИҚЧИЛИК САНЪАТИ ТАРИХИ


**Сарсенбай Балтаниязов Айтмуратович** – *профессор*

*Ўзбекистон давлат санъат ва маданият институти Нукус филиали*



**Таянч сўзлар:** маданият тарихи, қўшиқчилик санъати тарихи, бастакорлар, музыка, оратория.

**Ключевые слова:** культура искусств, история песенного творчество, композитор, музыка, оратория.

**Key words:** art culture, history sing songs, compouser, music, orotory.


Ўзбекистонда мустақилликни мустаҳкамлаш маънавийислоҳатларни амалга ошириш билан ҳамоҳангдир. Мустақиллик, истиқлол маънавий жиҳатдан мустаҳкамланмас экан, унинг келажаги йўқдир. Ўзбек халқининг узоқ тарихи бунга гувоҳдир, зеро маънавият, хусусан қўшиқчилик санъатисиз миллат тарихи, ҳозирги куни ва келажагини тасаввур қилиб бўлмайди. Шарқ мусиқасининг жаҳон маданияти миқиёсида тутган ўрни бениҳоя буюк. Бу мусиқа минг-минг йиллардан бери одамлар дилини поклаб, уларни рухан юксалтириб келмоқда. Ўзининг нозик шабадаси билан дунё маданиятига озуқа бериб, умумбашарий қадириятларга муносиб ҳисса қўшмоқда». Маълумки, ўзбек миллий маданияти тарихи ўзининг бой, мустаҳкам анъаналари ва чуқур илдизларга эгадир. Айни пайтда жаҳон маданияти ўзбек миллий маданияти дурдоналаридан самарали равишда фойдаланиб, ўзининг маданиятини бойитиб борди. Ҳудудимизда, умуман қўшиқчилик мусийқий саъатнинг шаклланишида кишиларнинг атрофидаги ходисаларни англашга интилишлари жуда муҳим аҳамият касб этган. Маълумки, табият кучларининг олдида кишиларнинг ҳам ақлий, ҳам жисмоний жиҳатдан ожизлиги натижасида уларда илоҳий кучларга сиғиниш, сажда қилиш юзага кела бошлади. Табиийки, кишилар ўз қарашлари, орзуларини муайян маросим ва байрамларда акс эттиришга уринганлар. Жумладан, қурғоқчилик даврида «Ёмғир ти-лаш» (Суст хотин), шамол зарар келтирганда «шамолни